



***Depatman Sèvis pou
Timoun,
Jèn ak Fanmi***

*Divizyon Sèvis Fanmi
Biwo Sèvis Timoun*

Manyèl Paran

Deklarasyon Misyon

Pou ankouraje sekirite ak byennèt timoun ak fanmi grasa prevansyon, pwoteksyon, ak pèmanans.

Deklarasyon Vizyon

Timoun nou
yo. Avni
nou.
Responsabilite nou.



Tab Matyè

	Paj
Entwodiksyon	
• Objektif Manyèl Paran	2
• Ki otorite w?	2
• Kijan yo defini abi ak neglijan timoun?	3
• Kimoun ki pote rapò pou mwen?	5
• Ki dwa mwen genyen antanke paran/ moun kap bay swen?	6
• Ki dwa pitit mwen an genyen?	6
Chapit I - Ankèt	
• Kisa kap pase pandan yon ankèt?	7
• Kisa ki Rejis Pwoteksyon Timoun?	9
Chapit II - Tretman	
• Kisa kap pase si DFS deside ke fanmi m bezwen sèvis ?	17
• Kisa kap pase si pitit mwen pa ansekirite?	17
• Kijan mwen ka rejwenn pitit mwen?	19
• Safe Arms pou tibebe yo	21
Chapit III – Evalyasyon Fanmi ak Repons Entèvansyon (FAIR)	
• Kisa FAIR ye?	22
• Kisa ki pase pandan FAIR?	22
• E si mwen pa vle patisipe nan sèvis FAIR?	23
• Èske yo ka mete m sou Rejis Pwoteksyon Timoun si mwen patisipe nan FAIR?	23
• Konbyen tan FAIR pran?	23
Chapit IV – Lòt Sèvis ak Nimewo Telefòn	
• Kimoun pou w kontakte pou rezoud pwoblèm yo	24
• Biwo Lisans pou Swen Timoun DFS	25
• Biwo Pratik DFS ki baze sou evidans	25
• Lòt Sèvis DSCYF	25
• Mandè Èd	28
• Lokal Biwo DFS	31

ENTWODIKSYON

Objektif Manyèl Paran

Yo te fè manyèl sa santre sou paran. Li gen entansyon pou ba ou yon apèsi sou sèvis nou yo e li ta dwe reponn anpil kesyon komen.

Travayè sosyal ou ka esplike epi bay repons a kesyon ou ka genyen ki pa parèt nan manyèl sa.

Ki otorite ou genyen?

Divizyon Sèvis Fanmi an (Divizyon) se youn nan kat divizyon ki nan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi (DSCYF).

16 *Del. C.*, Ch. 9 dekri otorite legal Divizyon an. Lwa a egzije ke yo adrese tout rapò sou abi ak neglijanans timoun nan Delaware a Divizyon an. Divizyon an ka fè yon ankèt pou nenpòt akizasyon ki ta konstitye yon vyolasyon kont yon timoun, men li ka itilize yon apwòch evalyasyon fanmi pou lòt kalite akizasyon yo. Opsyon ankèt la ak evalyasyon fanmi an konpoze sa ke yo konnen tankou yon Sistèm Repons Diferansyèl (DRS). Yon DRS pèmèt Divizyon an bay yon repons ki pwopòsyonèl a kalite akizasyon an. Nap diskite de opsyon sa yo nan pwochen chapit yo.

Divizyon an responsab pou ankete/evalye abi ak neglijanans timoun nan fanmi ak enstitisyon. Daprè règleman, Divizyon an ankete/evalye egalman lè yon timoun ka gen risk pou l viktim neglijanans, abi oswa depandan.

Kijan yo defini abi ak neglijan timoun?

Yon timoun vle di nenpòt moun ki poko gen laj 18yèm anivèsè.

Daprè 10 Del. C. §901, abi ak neglijan timoun defini nan fason ki annaprè a:

“Abi” oswa “abi timoun” vle di ke yon moun:

- (a) koze oswa enflije abi seksyèl sou yon timoun; oswa
- (b) gen gad, swen, oswa kontwòl yon timoun epi koze oswa enflije:
 - a. blesi fizik pa **fòs enjistifye** jan li defini nan § 468 Tit 11;
 - b. abi emosyonèl;
 - c. mizè;
 - d. eksplwatasyon; oswa
 - e. move tretman oswa mal tretman.



move tretman oswa mal tretman.

fòs enjistifye “...gen ladan, men li pa limite a ...Vòltije yon timoun, choute,

boule, koupe, frape avèk yon pwen fèmen, entèfere avèk respirasyon, itilize oswa menase pou itilize yon zam mòtèl, privasyon pwolonje sibstans oswa medikaman, oswa nenpòt lòt zak ki siseptib pou koze oswa ki koze blesi fizik, defigirasyon, detrès mantal, degradasyon inital oswa risk enpòtan blesi fizik grav oswa lanmò ...”

“Depandan” oswa “timoun depandan” vle di ke yon moun:

- a. Responsab pou swen, gad legal, ak/oswa kontwòl timoun nan; e
- b. Pa gen kapasite ak/oswa mwayen finansye pou pran swen timoun man; e

1. Neglije pou bay swen ki nesèsè konsènan: manje, rad, abri, edikasyon, swen sante, swen medikal oswa lòt swen ki nesèsè pou sante mantal oswa fizik, emosyonèl timoun nan, oswa sekirite ak byennèt anjeneral; oswa
2. Timoun nan abite nan kay yon "adilt endividyèl" ki neglije pou reponn a definisyon "relatif" nan seksyon sa oswa yon baz pwolonje san yon evalyasyon pa DSCYF, oswa ajans yo ki gen lisans; oswa
3. Yo te mete timoun lan nan yon ajans ki gen lisans ki sètifye ke li pa ka konplete yon plan adopsyon apwopriye.

Nan fè yon konklizyon sou depandans anba seksyon sa a, yo ka bay konsiderasyon sou depandans, neglijans, oswa istwa abi de nenpòt pati.

"Abi oswa neglijans enstitisyonèl sou timoun" se abi oswa neglijans timoun ki rive yon timoun ki nan gad DSCYF ak/oswa ki nan yon etablisman, sant oswa kay ki fonksyone, gen kontra oswa ki gen lisans DSCYF.

"Abi oswa neglijans timoun nan fanmi" se nenpòt abi oswa neglijans timoun ki komèt pa:

- a. Yon paran, gadyen, oswa gad legal:
- b. Lòt manm nan fanmi yon timoun oswa kay la, vle di viv ansanm pou toutan oswa tanporèman san yo pa teni kont keseswa yo gen lyen youn ak lòt e san teni kont sou kantite tan oswa kontinite rezidans sa, e li ka enkli moun ki viv anvan nan kay la tankou metrès yon moun nan kay timoun lan;

c. Nenpòt moun, keseswa li se manm nan kay timoun lan, defini tankou fanmi oswa yon pwòch nan seksyon sa oswa tankou yon adilt endividyèl jan li defini nan § 1009(b)(3)a. [aboli] nan tit sa.

“Neglijans” oswa “timoun neglije” vle di ke yon moun:

- (a) responsab pou swen, gad, ak/oswa kontwòl yon timoun; e
- (b) gen abilite ak mwayen finansye pou pran swen timoun lan; e
 - a. neglije pou bay swen nesèsè osijè: manje, rad, abri, edikasyon, sante, medikal oswa lòt swen nesèsè pou sekirite fizik, emosyonèl, oswa mantal ak byennèt jeneral; oswa
 - b. kwonikman ak gravman abi alkòl oswa yon sibstans kontwole, pa yon tretman aktif pou kalite abi sa, e abi a menase kapasite timoun lan pou resevwa swen ki nesèsè pou sekirite ak byennèt li anjeneral, oswa
 - c. neglije pou bay sipèvizyon nesèsè ki apwopriye pou yon timoun lè timoun nan pa ka pran swen debaz oswa sekirite l, apre ke yo konsidere faktè sa yo tankou laj timoun nan, abilite mantal, kondisyon fizik, tan absans moun kap bay swen an, ak kontèks anviwonman timoun lan.

Kimoun ki pote rapò pou mwen?

Règleman Divizyon Sèvis Fanmi pwoteje idantite nenpòt moun ki pote yon rapò sou abi timoun oswa rapò negligians. Travayè sosyal ou gen obligasyon pou kenbe idantite moun ki fè rapò a konfidansyèl.

Nenpòt moun kap patisipe an bòn fwa nan fè yon rapò ap gen iminite nan responsabilite.

Kijan ou jwenn rapò sou fanmi m?

Divizyon Sèvis Fanmi an opere yon liy pou pote rapò, **24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Sa a enkli tout wikenn ak jou konje.**



Liy telefòn gratis nan tout eta pou pote rapò se **1.800.292.9582**. Ou ka pote rapò tou sou entènèt nan

http://www.kids.delaware.gov/fs/fs_can_report.shtml,

an pèsòn nan yon Biwo Sèvis Fanmi oswa alekri. Non moun ki pote rapò a konfidansyèl.

Ki dwa mwen genyen antanke paran oswa moun kap bay swen?

Si ou se paran oswa moun kap pran swen yon timoun, ou gen dwa pou:

- enfòmè sou nenpòt akizasyon ki fèt kont ou
- enfòmè sou rezilta ankèt la
- enfòmè si yap refere dosye fanmi w pou sèvis tretman kontinyèl
- konteste desizyon enpòtan yo
- mande aksè nan dosye fanmi ou
- konsilte yon avoka ke ou chwazi

Ki dwa pitit mwen an genyen?



Pitit ou gen dwa pou l jwenn bon jan kalite swen fizik ak emosyonèl sa ki gen ladan: manje adekwat,abri, rad, edikasyon, ak swen medikal enkil dyagnostik ak tretman medikal ak pwoblèm emosyonèl.

Èske mwen gen dwa pou m edike pitit mwen nan fason mwen wè ki konvnan san eta pa entèfere?

Ou gen dwa pou edike pitit ou nan yon fason ki pi byen adapte a fanmi ak pitit ou, depi ou pa fè abi oswa neglijan sou pitit ou.

CHAPIT I - ANKÈT

Kisa kap pase pandan yon ankèt?

Ka aktivite ki annaprè yo ap rive nan kad pwosesis ankèt la:

- Yo dwe entèvyouve tout adilt nan kay la ki gen responsabilite pou pran swen timoun yo
- Yo dwe entèvyouve yon paran ki pa abite nan kay la ki gen kontak avèk timoun viktim lan
- Yo dwe entèvyouve nenpòt adilt kap bay swen ki ka reponsab pou mete lavi timoun nan andanje
- Yo dwe entèvyouve tout timoun nan kay la ak/oswa obsève si te gen
- kontak non-vèbal ki te fèt avèk lòt pwofesyonèl yo tankou lekòl ak pèsònèl medikal, founisè gadri, ak ofisye lapolis
- Evalye si gen abi sibstans oswa vyolans domestik lakay ou

Ki lòt bagay ki fèt pandan investigasyon an?

Depannde rezilta rapò a, travayè sosyal ou a ka:

- Egzije ke yon doktè egzamine pitit ou a
- Mande w pou fòm otorizasyon pou bay enfòmasyon sizoka divizyon an ta bezwen kolekte rapò alekri oswa enfòmasyon kap soti nan lòt sous.
- Mande ke pitit ou (yo) entèvyouve pa yon doktè lejis nan Sant Defans pou Timoun (CAC) pou redwi repetisyon entèvyou pa ajans ankèt yo (lapolis, Divizyon Sèvis Fanmi, ak Depatman Lajistis) ki pral obsève entèvyou a (yo). Yo konnen sa tankou MDT oswa Ekip Milti-Disiplinè.

Èske divizyon an peye pou egzamen medikal pitit mwen an si li nesèsè pandan investigasyon?

18 *Del. C. §3557* deklare ke yon gwoup oswa règleman kouvèti asirans pou yon timoun ki abite nan Delaware oswa resevwa sèvis medikal nan Delaware pa ka limite pwoteksyon lè li refere pa Divizyon Sèvis Fanmi oswa lapolis pou abi timoun oswa neglijan ke yo sispèk. Egalman, referans ki soti nan men yon doktè swen primè pa obligatwa.

Konbyen tan ankèt la ap dire?

Byenke chak ankèt diferan, jeneralman yon ankèt ap fini nan 45 jou kalandriye.



Kisa kap pase si mwen pa kolabore avèk Divizyon an?

Divizyon Sèvis Fanmi an rekonèt enpak ak enjerans enplikasyon nou ka genyen sou fanmi w. Se souvan santiman enjerans sa ki fè ke moun yo pa vle kolabore avèk nou.

Si ou deside ou pa ka kolabore, Divizyon an ka bezwen pran lòt aksyon nan fason pou l fè ankèt la. Pa egzanzp, travayè sosyal ou ka mande èd nan Depatman Jistis oswa chèche èd nan men tribinal fanmi.



Mwen te tande yo ka fè arete m.

Daprè lalwa, lè rapò akizasyon an endike ke yo te ka komèt yon krim kont pitit ou travayè sosyal la gen obligasyon pou l kontakte ajans lapolis ki apwopriye ak Depatman lajistis.

Ki posib rezilta ankèt la?

Divizyon an gen obligasyon pou l pran de desizyon nan konklizyon ankèt li a : (1) decide si wi oswa non gen yon preponderans sou prèv la (50% oswa pi gwo chans) pou apwiye abi oswa neglijanans timoun e (2) decide si wi oswa non li nesèsè pou kontinye sèvis. Yo ka bay sèvis tou si divizyon an detèmine ke pitit ou gen risk pou abi oswa neglijanans.

Kijan yon moun ap konnen ke yo te jistifye pou yon ensidan abi oswa neglijanans?

Travayè sosyal la ap voye yon “Avi Entansyon pou Jistifye Abi ak Neglijanans epi antre nan Rejis Pwoteksyon Timoun nan” lèt pou enfòmè moun nan ke Divizyon an gen entansyon pou l konfime yo pou yon ensidan abi oswa neglijanans. Lèt la ap spesifye Nivo pwoteksyon timoun nan ak konsekans yo.

Mwen te tande ke si mwen pa kolabore avèk DFS, yap pran pitit mwen nan men m.

Travayè sosyal ou a ap fè tout tantativ pou travay avèk ou nan fason pou kenbe pitit ou ansekirite lakay ou. Si, toutfw a ou pa ka kenbe pitit ou ansekirite, travayè w la ka kontakte Tribinal Fanmi pou chèche gad tanporè ak pèmisyon pou retire pitit ou lakay ou.

Kisa ki Rejis Pwoteksyon Timoun?

Rejis Pwoteksyon Timoun lan gen ladan non moun ki te jistifye pou ensidan abi oswa neglijanans. Ensidan jistifye yo ap klase nan youn nan kat nivo yo: I, II, III, ak IV.

Wap resevwa yon avi jistifyasyon (lèt) nan men travayè sosyal ou nan fen ankèt ou a. Si travayè sosyal ou a gen entansyon pou l pwouve akizasyon w pou yon ensidan abi

oswa neglijan, avi a ap esplike kijan pou mande yon odyans nan tribinal famiyal anvan yo antre non w sou Rejis Pwoteksyon Timoun nan. Ou dwe soumèt demann ou pou yon odyans nan lespas 30 jou apre dat ki make sou avi a oswa yap antre otomatikman non w sou rejis la san yon odyans.

Ki diferan nivo ki genyen sou rejis pwoteksyon timoun nan?

Gen kat diferan nivo sou Rejis Pwoteksyon Timoun nan. Avèk eksepsyon Pwoteksyon Timoun Nivo I, yap mete non yon moun sou rejis la si yo jwenn li jistifye pou yon ensidan abi oswa neglijan nan fason ki annaprè a:

- **Pwoteksyon Timoun Nivo I** – Yon moun ki jistifye pou abi oswa neglijan nan Nivo I Pwoteksyon Timoun yo pap antre non li sou Rejis Pwoteksyon timoun nan, yo pa rapòte l bay travay li ki egzije pou tcheke sou rejis la, e li kalifye pou travay nan yon etablisman swen timoun, etablisman swen sante, oswa lekòl piblik. Toutfwa, non w ansanm avèk lòt dosye ap rete nan sistèm enfòmasyon entèn DFS e yap rapòte l an repons a demann ki gen rapò a aplikasyon pou travay nan Depatman Sèvis pou Timoun, ak Fanmi, desizyon paran fostè ak adoptif, desizyon lisans pou swen timoun, rapò konfòmeman a 31 Del. C. §309 oswa 16 Del. C. §906(e).

Kondanasyon de nenpòt nan krim yo ki annaprè a lè li baze sou menm ensidan abi oswa neglijan jan li pretann nan Avi Entansyon Jistifye a jije pou prezante yon risk fèb prejidis kont timoun nan lavni e lap deziyen tankou Pwoteksyon Timoun Nivo I: *vyolasyon kondisyon prezans nan lekòl oswa absans.*

- **Pwoteksyon Timoun Nivo II** – Yon moun ke non l nan rejis la nan nivo II ap rete nan rejis la pou 3

zan, e yap rapòte l bay anplwayè yo ki gen obligasyon pou tcheke rejis la osi lontan ke non an rete sou rejis la, men nap di anplwayè a ke ou kalifye pou travay nan yon etablisman swen timoun, oswa lekòl piblik pandan ou sou rejis la nan nivo II. Non w ap soti otomatikman apre 3 zan e nou pap rapòte l bay anplwayè yo ankò, depi ke ou pa gen lòt jistifikasyon pandan ou sou rejis la. Non w ansanm avèk lòt dosye enfòmasyon ap rete nan sistèm enfòmasyon entèn DFS e yap rapòte l an repons a demann ki gen rapò a aplikasyon pou travay nan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn, ak Fanmi, desizyon paran fostè ak adoptif, desizyon lisans pou swen timoun, ki rapòte konfòmman a 31 *Del. C. §309* oswa 16 *Del. C. §906(e)*.

Kondanasyon de nenpòt nan krim yo ki annaprè a lè li baze sou menm ensidan abi oswa neglijan jan li pretann nan Avi Entansyon Jistifye a jije pou prezante yon risk fèb prejidi kont timoun nan lavni e lap deziyen tankou Pwoteksyon Timoun Nivo II: *entèferans avèk gad legal*

- **Pwoteksyon Timoun Nivo III –** Yon moun ke non l nan rejis la nan nivo III ap rete nan rejis la pou 7 ane e yap rapòte l bay anplwayè yo ki gen obligasyon pou tcheke rejis la pou osi lontan ke non an rete sou rejis la. Yap rapòte bay anplwayè a tou ke ou pa kalifye pou travay nan yon etablisman swen timoun, etablisman swen sante, oswa lekòl piblik pandan ou sou Pwoteksyon Timoun Nivo III. Non w ap soti otomatikman apre 7 ane e nou pap rapòte l bay anplwayè yo ankò, depi ke ou pa gen lòt jistifikasyon pandan ou sou rejis la. Non w ansanm avèk lòt dosye enfòmasyon ap rete nan sistèm enfòmasyon entèn DFS e yap rapòte l an repons a demann ki gen rapò a aplikasyon pou travay nan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn, ak

Fanmi, desizyon paran fostè ak adoptif, desizyon lisans pou swen timoun, ki rapòte konfòmman a 31 *Del.C. §309* oswa 16 *Del. C. §906(e)*.

Kondanasyon de nenpòt nan krim ki annaprè yo lè li baze sou menm ensidan abi oswa neglijan jan li pretann nan Avi Entansyon Jistifye a jije pou prezante yon risk elve prejdis kont timoun nan lavni e lap deziyen tankou Pwoteksyon Timoun Nivo III: *manyen ofansif, asèlman seksyèl, menas, neglijan ki mete andanje nan dezyèm degre, agresyon nan twazyèm degre, menas teworis, anprizonman ilegal nan dezyèm degre, administrasyon ilegal dwòg oswa sibstans kontwole, abandonman yon timoun, ekspozisyon endesan nan premye/dezyèm degre, deli ki mete andanje byennèt yon timoun, oswa abi timoun nan twazyèm degre.*

- **Pwoteksyon Timoun Nivo IV** – Yon moun ke non l nan rejis la nan nivo IV ap rete nan rejis la e yap rapòte l bay anplwayè yo ki gen obligasyon pou tcheke rejis la. Yap rapòte l bay anplwayè a tou ke ou pa kalifye pou travay nan yon etablisman swen timoun, etablisman swen sante, oswa lekòl piblik. Anplis, non w ansanm avèk lòt dosye enfòmasyon ap rete nan sistèm enfòmasyon entèn DFS e yap rapòte l an repons a demann ki gen rapò a aplikasyon pou travay nan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn, ak Fanmi, desizyon paran fostè ak adoptif, desizyon lisans pou swen timoun, ki rapòte konfòmman a 31 *Del. C. §309* oswa 16 *Del. C. §906(e)*.

Kondanasyon de nenpòt nan krim ki annaprè a lè li baze sou menm ensidan abi oswa neglijan jan li pretann nan Avi Entansyon Jistifye a jije pou prezante yon risk ki pi elve prejdis kont timoun nan lavni e lap deziyen tankou Pwoteksyon Timoun Nivo IV: *atak nan machin, omisid nan machin, omisid neglijan kriminèl, agresyon nan premye oswa dezyèm degre, touye moun,*

touye moun pa neglijan, touye moun pa abi oswa neglijan, kontak seksyèl ilegal, ensès, vyòl, kontak seksyèl ilegal, ekstòsyon seksyèl, demann seksyèl yon timoun, britalite, abi seksyèl kontinyèl de yon timoun, posasyon pònografi timoun, fè fas nan pònografi ilegal timoun, krim mete andanje byennèt yon timoun, krim danjere kont yon timoun, enlèvman, presyon, tretman timoun, tretman ilegal yon timoun, eksplwatasyon seksyèl yon timoun, ankouraje swisid, neglijan ki mete andanje nan twazyèm degre, anprizonman ilegal nan premye degre, abi timoun nan premye/dezyèm degre, krim delenkan seksyèl kondwit seksyèl ilegal kont yon timoun, krim abi seksyèl kont yon timoun pa yon moun ki nan pozisyon konfyans nan premye/dezyèm degre, oswa trafike moun ak esklavaj envolontè.

E si mwen pa dakò avèk rezilta sivil Divizyon an?

Lèt Avi Entansyon pou Jistifikasyon an ap gen ladan yon fòm demann odyans. Ou dwe retounen l nan lespas 30 jou apre dat lapos ki make sou lèt la.



Kisa Divizyon an ap fè apre mwen fin retounen fòm demann odyans lan ?

Travayè sosyal la dwe depoze yon petisyon nan tribinal famiyal nan lespas 45 jou apre li fin resevwa demann ou an.

Èske gen yon bagay mwen ka fè si mwen pa kwè kondanasyon m pou abi oswa neglijan timoun nan baze sou menmn ensidan Divizyon an te ankete a?

Si Divizyon Sèvis Fanmi an detèmine apati ankèt li ke li gen entansyon pou antre non yon moun oswa Rejis Pwoteksyon Timoun nan kad yon kondanasyon nan Nivo II, III, oswa IV, Divizyon an ap voye yon Avi Jistifikasyon bay moun nan pou enfòmè yo sou jistifikasyon an epi fè yo konnen dwa yo pou depoze yon petisyon pou Objektif Odyans Limite nan Tribinal Familyal nan lespas 30 jou de Avi Jistifikasyon an. Petisyon an dwe esplike poukisa kondanasyon an pa baze sou menm ensidan abi oswa neglijan ke Divizyon an te ankete.

E si yo te jwenn mwen jistifye plis pase yonsèl fwa?

Si ou te jistifye pou abi oswa neglijan pandan ou sou rejis la, kondisyon yo ki enpoze pou chak ensidan dwe ranpli konsekutivman, avèk kondisyon pou pifò restriksyon nan nivo Pwoteksyon Timoun oswa nivo yo te konplete anvan sa yo pou nivo ki gen mwens restriksyon oswa nivo yo.

E si jistifikasyon mwen yo sou diferan Nivo Pwoteksyon Timoun?

Yon moun ki konplete pasyèlman yon nivo lè li asiyen a yon nivo ki mwen restriktiv ap resevwa yon kredi pou achèvmman pasyèl la lè li konplete kondisyon yo pou nivo ki pi restriktiv oswa nivo yo.

Kiyès ki gen aksè nan enfòmasyon Rejis Pwoteksyon Timoun lan?

Anplwayè yo nan sektè swen timoun, swen sante, ak lekòl piblik yo gen obligasyon pou verifye Rejis Pwoteksyon Timoun lan e yo dwe fè sa avèk **konsantman alekri** ou.

Yo konsève enfòmasyon an nan règ konfidansyalite ki pi strik ki aplike nan non ou. Sèl lè yo ka pataje enfòmasyon an sou enplikasyon w avèk Divizyon an san konsantman ou se lè Depatman lajistis oswa Ajans lapolis yo mande enfòmasyon an pandan yap fè yon ankèt kriminèl sou abi ak neglijan timoun.

Èske mwen ka fè retire non w nan rejis la?

Retrè Otomatik

Yon moun ki antre nan Rejis Pwoteksyon Timoun lan nan Nivo II oswa Nivo III ap soti otomatikman nan rejis la, depi moun sa pat jistifye pou yon lòt ensidan abi oswa neglijan pandan li sou rejis la.

Retrè Bonè

Yon moun ki antre nan Rejis Pwoteksyon Timoun lan nan Nivo II oswa Nivo III, ka depoze yon petisyon pou retrè nan Tribinal Familyal anvan ekspirasyon tan ki deziyen pou nivo a.

Tribinal Familyal la ap gen diskresyon pou l retire moun nan sou Rejis Pwoteksyon Timoun lan. Lè yo fè detèminasyon sa a, Tribinal la ap konsidere tout faktè enpòtan yo, enkli:

- (1) Nati ak sikonstans ensidan orijinal la te pwouve;
- (2) Nenpòt ensidan jistifye sou abi oswa neglijan pandan ou sou rejis la;
- (3) Istwa kriminèl moun nan, enkli keseswa dosye kriminèl oswa arestasyon oswa kondanasyon sou endisidan ki kondwi a plasman sou Rejis la te ekspire;
- (4) Konfòmite avèk tèm pwobasyon yo, si aplikab;
- (5) Risk, si toutfw genyen sa, moun ki anrejistre a poze pou viktim nan, kominote a ansanm avèk lòt potansyèl viktim yo;
- (6) Enpak anrejistremman ak notifikasyon anplwayè a sou viktim lan, kominote a ansanm avèk lòt potansyèl viktim yo;
- (7) Reyabilitasyon moun nan, si toutfw genyen sa, oswa te konplete yon pwogram evalyasyon ak tretman avèk siksè enkli nenpòt òdonans tribinal oswa plan dosye divizyon an rekòmande; ak

(8) Konsekans negatif anrejistreman sou moun lan ak pwosesis reyabilitatif, enkli konsekans opòtinite travay.

Èske li posib mwen ka fè retire non m sou rejis la si mwen te rantre lè mwen te yon timoun?

Yon moun ki te antre sou Rejis Pwoteksyon Timoun lan nan nenpòt nivo antanke yon timoun, kapab, a nenpòt kilè apre dizwityèm anivèsè I, depoze yon petisyon pou yo retire non I sou Rejis Pwoteksyon Timoun lan paske li te antre yon fwa kòm yon jivenil nan Tribinal Familyal la. Tribinal Familyal la ap gen diskresyon pou retire moun nan sou rejis la. Lè li fè detèminasyon sa a, Tribinal la ap konsidere tout faktè enpòtan yo, enkli nimewo 1-8 dapre Retrè Antisipe (anwo a).

CHAPIT II - TRETMAN

Kisa kap pase si Divizyon an deside ke fanmi m bezwen sèvis?

Travayè sosyal la ap kòmanse fè vizit pou l diskite sou pwoblèm yo li te idantifye pandan ankèt la ak pou l vin abitye avèk fanmi ou.

Ansanm ou pral travay pou devlope yon Plan Sèvis pou adrese bezwen fanmi w ak pwoblèm sekirite pitit ou yo. Lap ede w kontwòle pwogrè w, e lap ede travayè w la pou detèmine pwen fò fanmi w, ansanm avèk bezwen ou yo.

Patisipasyon w enpòtan kòm li sèvi yon mwayen pou mezire pwogrè w nan direksyon pou fè amelyorasyon ak pou asire sekirite timoun ou yo. Pwoblèm familyal ke oumenm ak tretman ke travayè sosyal la panse ki nesèsè pou yo adrese ap enkli nan yon **Plan Sèvis**.



Anpil sèvis disponib pou ede fanmi yo. Ou ka jwenn sèten pou kont ou e sèten lòt ka bezwen yon referans travayè sosyal ou a. Ou

ka jwenn sèvis yo nan oswa deyò lakay ou.

Kisa kap pase si Divizyon an detèmine ke pitit mwen pa ansekirite e ke yo dwe retire l nan kay la?

Lè li posib, Divizyon an ap eseye konvoke yon reyinyon pou pran deizyon (TDM) swa imedyatman anvan plasman oswa nan lespas 48 èdtan apre plasman an pou diskite sou preyokipasyon enkyetid kap fè divizyon an konsidere pou l jwenn gad legal. Reyinyon TDM ap founi yon plas pou ou ansanm avèk sila yo ki pwòch fanmi ou pou rasanble ansanm pou diskite sou pwen fò fanmi an, konesans, eksperyans, ak resous pou kreye yon plan kap asire sekirite timoun yo nan fanmi w.

Kimoun kap vini nan reyinyon TDM lan?



Reyinyon an ka gen ladan fanmi w, lòt pwòch, zanmi, manm legliz oswa lòt moun yo nan kominote w la.

Oumenm avèk travayè sosyal ou a ap decide kimoun pou envite. Reyinyon an ka gen ladan tou moun yo nan kominote w la

kap bay oumenm ak fanmi w sèvis, tankou yon konseye fanmi.

Kisa kap pase nan reyinyon TDM?

Yon fasilite ki fòm ap dirije reyinyon an ki se pa travayè w e ki pa gen enplikasyon avèk fanmi w. Reyinyon yo ap kòmanse avèk manm ekip yo ke yo entwodui youn ak lòt. Apre entwodiksyon yo, oumenm ak travayè Divizyon an pral pale osijè sa ki te kondwi fanmi w nan divizyon an ansanm avèk preyokipasyon sekirite yo. Ekip la apresa pral travay ansanm pou chwazi yon lide ki feزاب, reyalis, e ki pral bay sekirite pou timoun ou yo. Ka gen yon laj varyete rezilta posib, enkli mete timoun ou nan swen ki deyò kay la.

Si yo mete pitit ou nan swen fostè, travayè sosyal la ap kontake anpil fanmi ke posib pou eksplòre si yo ka yon resous plasman

Ki dwa mwen genyen si yo retire pitit mwen nan kay la?

Pandanke pitit ou nan swen fostè, ou gen dwa ki annaprè yo:

- Pou konprann rezon kifè pitit ou nan swen fostè
- Pou gen vizit rezonab avèk pitit ou
- Pou resevwa asistans pou simonte pwoblèm yo ki te kondwi nan plasman fostè a

- Yon plan sèvis alekri ki klèman deklare sa ki dwe reyalize nan fason pou pitit ou retounen nan kay la
- Pou gen yon revizyon peryodik de pwogrè ou
- Pou patisipe nan planifikasyon sou bezwen pitit ou pandan li nan swen fostè a, enkli edikasyon
- Pou resevwa enfòmasyon sou ajisteman pitit ou pou swen fostè, pwogrè lekòl, sante fizik ak mantal
- Pou konsanti maryaj, antre nan fòs lame, epi chanje nan afilyasyon maryaj pou pitit ou
- Pou konsanti a nenpòt tretman medikal, rete enfòmè sou kondisyon pitit ou, e lè li posib, patisipe nan nenpòt priz desizyon. Toutfwa, nan absans ou oswa endisponibilite, divizyon an ap pran desizyon yo nan pi bon enterè pitit ou.

Èske map gen otorizasyon pou m vizite pitit mwen si pitit mwen nan swen fostè?

Nou rekonèt enpòtans pou w kenbe kontak regilye avèk pitit ou. Travayè sosyal ou a ap travay avèk ou pou pwograme vizit ou yo. Vizit yo ka fèt nan biwo nou an, nan yon sant vizit sipèvize, oswa lakay ou. Nan pifò ka yo, yo pral kontwole oswa sipèvize vizit yo.

Kijan mwen kapab rejwenn pitit mwen?

Yap devlope yon plan sèvis avèk apwobasyon tribinal fanmiyal. Tribinal fanmi ansann avèk Konsèy Revizyon Plasman timoun ap revize plan an peryodikman osi lontan ke pitit ou a nan swen l.

Pandan konbyen tan mwen dwe travay nan bi pou pitit mwen retounen nan kay la?

Kòm swen fostè tanporè e timoun yo bezwen fanmi pèmanan, yo dwe jwenn objektif reyinifikasyon an anvan pitit ou a pase douz mwa nan swen fostè. Si ou pa

fè ase pwogrè nan lespas premye douz mwa yo apati lè pitit ou te antre nan swen fostè a, yo ka idantifye lòt objektif pèmanans. Lòt objektif sa yo gen ladan tèminalyon dwa paran ak adopsyon, gad legal yon paran pwòch, gadyen, gadyen pèmanan, planifye yon lòt aranjman lavi pèmanan (APPLA) oswa lavi endepandan.

Patisipasyon w enpòtan pou reyifikasyon reyisi

Si ou neglije pou kolabore avèk Plan sèvis ou a sa ap bay travayè sosyal ou ansanm avèk Tribinal Fanmi la endis ke ou pa vle fè chanjman positif ki nesèsè pou founi yon kay ki ansekirite pou pitit ou. Si divizyon an pa ka reyiniyè oumenm avèk pitit ou, travayè w la ap eksplòre opsyon pèmanans. Youn nan opsyon sa yo ka enkli tèminalyon dwa paran.

Mwen te tande ke gen sèten paran ki te pèdi definitivman gad legal pitit yo. Èske sa te ka rive m?

Nou gen obligasyon dapre Lwa sou Adopsyon Federal ak Fanmi ansekirite pou devlope yon plan pèmanans pou tout timoun yo ki te soti lakay yo pou 12 mwa oswa plis. Pou tèminalyon dwa paran (TPR) Divizyon an dwe depoze yon petisyon nan Tribinal fanmi e yo dwe òganize yon odyans pou yo pran yon desizyon final. Anmèmtan wap resevwa asistans epi travay nan bi pou pitit ou retounen nan kay la, divizyon sèvis fanmi ap eksplòre tou lòt opsyon yo pou pitit ou, si ou pa ta reponn a objektif ou yo. Si sikonstans yo ta chanje e ou pap travay aktivman nan bi pou reponn a objektif pou retounen nan kay la, divizyon an ka chanje objektif la avèk lòt objektif pèmanans jan li endike anwo a.

Èske gen yon lòt moun ki gen otorite pou retire pitit mwen nan gad legal mwen?

Wi. Dapre Lwa nan Delaware, nenpòt ofisyè lapolis oswa doktè ki sispèk rezonabman ke yon timoun nan yon danje iminan oswa lap soufri danje fizik ki menase lavi l nan kad abi oswa neglijanans ka pran yon timoun nan Gad Pwoteksyon

Tanporè ljans pou jiska 4 èdtan. Ofisye lapolis la ansanm avèk doktè a dwe kontakte Divizyon Sèvis Fanmi ki pral fè yon investigasyon. Anplis, Divizyon Sèvis Fanmi an ap gen menm otorite a akondisyon ke timoun nan lekòl oswa nan yon etablisman, gadri.

Kisa ki lwa Safe Arms pou Tibebe yo?



Lwa Bra ki ansekirite pou tibebe yo pèmèt paran yon tibebe jiska 14 jou pou remèt timoun lan nan yon sal dijans lopital nan Delaware. Lopital la ap kontakte Divizyon Sèvis Fanmi an e yap jwenn yon kay ki ansekirite pou pitit ou a. Yo pap mete sou Rejis Pwoteksyon Timoun lan yon paran ki abandone yon timoun daprè lwa Safe Arms for Babies. Ou ka rele 1.800.262.9800 pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a.

CHAPIT III – EVALYASYON FANMI AK REPONS ENTÈVANSYON FAMILY ASSESSMENT AND INTERVENTION RESPONSE (FAIR)

Kisa FAIR ye?

FAIR se yon altènativ a repons ankèt tradisyonèl. Jeneralman, sèvis FAIR yo sible pou rapò sou abi ak neglijanans timoun ki gen risk fèb ak modere e ki pa egzije yon repons Ekip Milti-disiplinè (MDT).

FAIR se yon apwòch ki reponn a akizasyon sou abi ak neglijanans timoun lè yo:

- Asire ke timoun yo ansekirite
- Travay an patenarya avèk paran ak timoun yo
- Evite etikèt negatif pou paran ak timoun yo
- Travay pou rezoud pwoblèm yo olye ke yo mete blam
- Devlope sou pwèn fò yon fanmi
- Idantifye bezwen yon fanmi
- Bay sèvis familyal ki nesèsè
- Ede yon fanmi koneke avèk resous kominotè yo.

Kisa ki pase pandan FAIR?

FAIR se yon pwosesis de-pati ki gen ladan yon Evalyasyon Familyal (FA) ak Sèvis Repons Entèvansyon (IR).

Pandan Faz Evalyasyon Fanmi an, travayè sosyal la ap evalye si wi oswa non pitit ou yo gen risk pou pwochen danje. Jeneralman travayè sosyal la ap rankontre avèk tout fanmi an pou l aprann sou nenpòt evènman, kesyon oswa sitiyasyon ki kapab kreye konfli oswa souleve enkyetid sou sekirite aktyèl pitit ou, Si yo idantifye pwoblèm ki kapab antrave swen pitit ou, travayè sosyal ou ap travay pou devlope yon plan pou adrese epi rezoud pwoblèm sa yo. Sa konnen tankou faz Entèvansyon Repons nan pwosesis la.

E si mwen pa vle patisipe nan sèvis FAIR?

Patisipasyon fanmi w nan sèvis FAIR volontè; toutfwa, si ou chwazi pou pa patisipe Divizyon an ap bezwen fè yon ankèt sou rapò a. Pandan ankèt la, Divizyon an ap detèmine si wi oswa non te gen abi oswa neglijan timoun. Si yo jwenn abi oswa neglijan te rive, sa ka lakoz yo antre non w sou Rejis Pwoteksyon Timoun lan.

Èske yo ka mete m sou Rejis Pwoteksyon Timoun nan si mwen patisipe nan FAIR?

Patisipasyon w nan sèvis FAIR yo pap lakoz nan yon rezilta ki kapab antre w sou Rejis Pwoteksyon Timoun nan, toutfwa, si Divizyon an resevwa yon nouvo rapò ki mande yon ankèt oswa repons rezilta ekip milti-disiplinè (MDT), pou rapò a sa ka lakoz nan yon rezilta abi oswa neglijan timoun.

Konbyen tan FAIR pran?

Travayè sosyal FAIR la jeneralman rankontre avèk fanmi an pi souvan pase travayè sosyal ankèt la e li ka rankontre avèk fanmi an pou yon peryòd jiska sis jou kalandriye. Depannde entansite sèvis ki nesèsè, yo ka pwolonje l pou trant jou kalandriye adisyonèl (90 jou total).

Si fanmi w bezwen sèvis odela de katreven dis jou a, yap transfere dosye w la pou sèvis tretman adisyonèl.

CHAPIT IV – LÒT SÈVIS AK NIMEWO TELEFÓN

Kimoun mwen ka kontakte si mwen pa ka rezoud yon pwoblèm avèk travayè sosyal mwen an?

Divizyon an rekòmande ke ou adrese enkyetid ou lè ou pran etap ki annaprè yo.

Etap 1 - Kontakte **sipèvizè** travayè sosyal nou an. Si sipèvizè a pa ka rezoud plent ou a;

Etap 2 - Kontakte **Administratè Rejyonal Adjwen** an kote travayè sosyal ou a travay. Nimewo telefòn biwo rejyonal yo se sa ki annaprè a:

- New Castle I, Beech Street 302.660.3545
- New Castle II, University Plaza 302.451.2800
- Kent County III, Barratt Building 302.739.4800
- Sussex County IV, Thurman Adams State Service Center 302.856.5450

Etap 3 – Kontakte **Administratè Rejyonal** kote travayè sosyal ou ap travay nan nimewo ki anwo a.

Etap 4 - Kontakte Biwo Sèvis Timoun Administratè (**OCS**) nan 302.633.2654.

Avèk kimoun mwen ka pale sou kondwit anplwaye nan Divizyon an ki pa pwofesyonèl?

Yo ankouraje w pou swiv menm etap yo ou ta dwe swiv pou adrese pwoblèm ki gen rapò avèk yon ka (Etap 1-4 anwo a), toutfwa, ou ka diskite sou enkyetid ou avèk **Lyezon Relasyon Konstitif** Divizyon an nan 302.633.2714.

Ki lòt sèvis Divizyon Sèvis Fanmi ofri?

- **Biwo Lisans pou Swen Timoun (OCCL)** règleman ak kontwole sèvis lisans nan fanmi ak gwo fanmi kay swen timoun, sant gadri timoun, ajans ki plase timoun, ak etablisman swen timoun rezidansyèl ak sant tretman lajounen. Li fè ankèt kriminel sou potansyèl founisè yo, ankete plent yo osijè lisans yon founisè oswa yon akizasyon pou swen timoun ki pa gen lisans, reponn a demann piblik la, epi bay fòmasyon pou founisè yo. Se objektif OCCL pou asire sante, sekirite, ak byennèt tout timoun yo kap resevwa sèvis swen timoun. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele
 - NCC: 302.892.5800
 - KC akSC: 302.739.5487 oswa 1.800.822.2236
- Fonksyon primè **Biwo Pratik ki Baze sou Evidans (OEBP)** se pou
 - Bay tès depistaj efikas pou tout timoun kap antre nan swen adoptif
 - Ede nan idantifye yon bon evantay sèvis pou timoun ak fanmi pou amelyore rezilta ak pwomote byennèt
 - Sipòte travayè sosyal yo grasa konsiltasyon ak rezolisyon pwoblèm

Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele 302.633.2657

Ki lòt sèvis **Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo ofri?**

Divizyon Prevansyon ak Sèvis Sante Konpòtman (DPBHS) bay sèvis prevansyon volontè, sèvis entèvansyon bonè, ak swen sante konpòtman piblik a timoun ansanm avèk fanmi yo nan tout eta. Misyon yo se pou bay sèvis prevansyon ak tretman efikas pou timoun yo grasa kolaborasyon avèk fanmi yo ansanm avèk patnè sèvis yo.

DPBHS bay sèvis a timoun yo jiska laj 17 ane ki pa gen asirans; oswa ki enskri nan Medicaid oswa CHIP e ki bezwen sèvis ki pi entansif pase 30 edtan tretman pou pasyan ekstèn nan benefis sante debaz Medicaid timoun lan ke yo bay atravè Óganizasyon ki jere Swen (MCO).

Sèvis DPBHS gen ladan:

- Sèvis Prevansyon / Entèvansyon Bonè
- Enfòmasyon ak Referans
- *Repons Priyorite Timoun (Kriz)*
- Sèvis Swen Anbilatwa
- Èd Sante Konpòtman
- Tretman tanporè
- Tretman lajounen
- Tretman Rezidansyèl Endividyèl
- Tretman Rezidansyèl
- Lopital Sikyatrik
- Konsiltasyon Sante Mantal nan Anfans

Remake: Sèvis Repons Priyorite Timoun ka pa transpòte oswa itilize restriksyon fizik sou okenn timoun akòz pwoblèm legal ak sekirite. Si wap eksperimente yon ijans medikal, tanpri rele 911 anvan. Wap jwenn enfòmasyon adisyonèl disponib sou DPBHS oswa sèvis ki baze sou kominote a disponib sou entènèt nan <http://www.kids.delaware.gov/pbhs/pbhs.shtml>.

Divizyon Sèvis Reyabilitasyon Jèn (DYRS) bay sèvis enkli detansyon, tretman, pwobasyon ak sèvis swivi a jèn yo nan Eta Delaware kap òdone swen pa tribinal fanmi DYRS responsab pou evalye bezwen endividyèl jèn yo epi kolabore avèk fanmi yo, lekòl ak patnè kominote yo. Se objektif DYRS pou kowòdone sèvis ak resous nan yon efò pou reyabilite jèn yo pou yo vini sitwayen pozitif nan kominote yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon rele 302.633.2620 oswa gade sou entènèt nan <http://www.kids.delaware.gov/yrs/yrs.shtml>.



Delaware.gov
The Official Website of the First State



Si ou bezwen pale avèk yon moun, rele

- **KONTAKTE Lifeline:** 1.800.262.9800
24/7 Liy Èd pou Kriz, Konsèy Agresyon Seksyèl, Sipò sou Entènèt

Si ou bezwen yon referans, rele

- **Liy Èd Delaware:** 1.800.464.4357 (HELP)
Enfòmasyon ak sèvis referans ki konekte w avèk sèvis eta e ki ba ou asistans pou pwoblèm, enkyetid, ak pwoblèm nan lavi ou
- **Help Me Grow:** 211
8:00 am – 8:00 pm, Lendi- Vandredi
Pou jèn timoun yo, relye fanmi yo avèk sante apwopriye oswa pwogram ki baze sou kominote

Pou rapòte abi timoun, rele

- **Liy rapò Abi Timoun** 24/7 1.800.292.9582
Divizyon Sèvis Fanmi Delaware
Pote rapò sou entènèt disponib tou.

Pou rapòte abi granmoun, rele

- **Sèvis Pwoteksyon Adilt Delaware** 1.800.223-9074
Divizyon Sèvis pou granmoun ak Adilt ki gen andikap Fizik nan Delaware

Imèl: DelawareADRC@state.de.us

Pou w jwenn èd sou vyolans domestik,

- **Liy dirèk sou Vyolans Domestik** 24/7
Child, Inc. – anplwaye ki pale de lang disponib
 - NCC: 302.762-6110
 - KC ak SC: 1.800.874.2070
- **Peoples Place** 24/7 KC ak SC: 302,422.8058
- **AbriendoPuertos** SC: 302.745.9874 24/7 Moun ki Pale Panyòl

Pou rapòte kriyote sou bèt, rele

- **Delaware SPCA**
 - NCC Chapter: 302,998.2281
 - SC Chapter:302.856.6361 Pote rapò sou entènèt disponib tou

Si ou bezwen èd legal, rele

- **Community Legal Aid Society, Inc.**
Pou granmoun oswa moun andikape ki gen revni fèb
 - NCC: 302.575.0660 oswa 1.800.292.7980
 - KC: 302.674.8500 oswa 1.800.537.8383
 - SC: 302.856.0038 oswa 1.800.462.7070
- **Delaware Volunteer Legal Services (DVLS)**
*Dwe reponn a standa revni povretre federal
Pou vyolans domestik, kesyon mèt kay, lalwa fanmi,
sipò timoun, planifikasyon byen imobilye*
 - NCC: 302,478.8850
 - KC ak SC: 302,225.0582

Pou depoze yon petisyon pou gad legal, gad oswa pwoteksyon kont Abi (PFA), rele

- **Tribinal Familyal Eta Delaware**
 - NCC: 302,255.0300
 - KC: 302,672.1000
 - SC: 302,855.7400

Pou w jwenn èd avèk sipò timoun, rele

- **Delaware Division of Child Support Enforcement**
 - NCC: 302,577.7171
 - KC: 302,739.8299
 - SC: 302,856.5386

Pou w jwenn èd avèk defans, rele

- **Office of the Child Advocate**
 - NCC: 302,255.1730
 - SC: 302,856.5720
- **DE Center for Justice, Inc.:** 302,658.7174

Pou pwogram ki bayabri ijans, Èd avèk bezwen debaz ak gad manje, èd imigrasyon, èd pou fi/adolesan ki ansent, ak asistans enèji pou moun ki gen revni fèb, rele

- Catholic Charities
 - NCC: 302,655.9624
 - KC:302.674.1600
 - SC:302.856.9578

Pou sèvis sante mantal / konsèy, rele

- Children & Families First
1.800.220.3092 (Nan tout eta)
- Sèvis Konsèy Delaware
 - Wilmington: 302.652.3948
 - Newark:302.455.9333
 - Dover: 302,678.3020
 - Lewes: 302,645.5338
 - Seaford: 302,262.3505
- Jewish Family Services
 - NCC 302.478.9411
- Latin American Community Center
 - NCC 302.655.7338
- SOAR (sexual abuse)
 - NCC: 302.655.6593
 - KC: 302.422.3811
 - SC` :302.645.4903

Pou èd ak alkòl oswa abi dwòg, rele

- Aquila
 - NCC: 302,999.1106
 - SC: 302.856.9746:
- Brandywine Counseling and Community Services
 - NCC: 302,656.2348
 - SC: 302,856.4700
- Crossroads of Delaware, Inc.
 - NCC: 302.652.1405, ext.113
 - KC: 302,744.9999
- Fellowship Health Resources, Inc.
 - SC: 302,934.7318
- SODAT 1.800.551.6464
(Nan tout eta)

Division of Family Services Offices

Biwo Administratif :

Delaware Youth and Family Center

1825 Faulkland Road
Wilmington, DE 19805
302,633.2657

Konte New Castle:

Rejyon I - Beech Street

119 Lower Beech Street, 3rd
Floor Wilmington, DE 19805
302,660.3545

Rejyon II - University Plaza

Cambridge Bldg.
263 Chapman Road
Newark, DE 19702
302,451.4800

Konte Kent:

Rejyon III - Barratt Building

821 Silver Lake Blvd., Suite 200
Dover, DE 19901
302,739.4800

Konte Sussex:

Rejyon IV –Thurman Adams

Sant Sèvis Eta

546 South Bedford Street
Georgetown, DE 19947
302,856.5450

Riverwalk

247 N.E. Front Street
Milford, DE 19963
302.422.1400

Sant Sèvis Eta Edward W. Pyle Shipley

Rt. 2, P.O. Box 281-1
Frankford, DE 19945
302.732.9510

Sant Sèvis Eta Anna C.

350 Virginia Avenue
Seaford, DE 19973
302.628.2024

Nòt



Eta Delaware

**Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak
Fanmi**

Divizyon Sèvis Fanmi

Sitwèb: <http://www.kids.delaware.gov>

**Pibliye 2015
FY150504**